

## SA K'AP PASE NAN EKSPLWATASYON MIN NAN PEYI D'AYITI AK KONSEKANS SA GENYEN (rezime)



### Aktivite eksplwatasyon min nan peyi d'Ayiti rekòmanse

Anba tè peyi d'Ayiti gen kantite richès ke yo te ka estime jiska 20 milya dola. Travay eksplwatasyon min an Ayiti ki te sispann depi kòmansman lane 1980 pral rekòmanse devlope gras ak jefò leta ayisyen ak kèk patnè etranje. Youn nan priyorite gouvènman ayisyen an se ekplwate resous min yo pou li ka jwenn lajan pou l devlope peyi a. Se pou tèt sa gouvènman an ap refòme lwa sou eksplwatasyon min ki t'ap aplike nan peyi a depi lane 1976 ; li ap fè pwomosyon tou bò kote investisè etranje yo su valè min peyi a genyen.

Pèp ayisyen an enfòmè de travay k'ap fèt yo gras ak ankèt jounalis, Konsa, kèk òganizasyon nan sosyete sivil la, nan peyi a tankou lòtbò dlo, k'ap defann dwa moun ak devlopman, pwoteste kont fason devlopman sektè min nan ap fèt.

Enfòmasyon ke Leta pa bay ase sou zafè sa a fè moun pè malè ki ka frape anviwònman peyi a ki déja si frajil, ak move konsekans sa kapab genyen sou sosyete a.

Depi Michel Martelly rive sou pouvwa a nan mwa me 2011, aktivite sektè min nan rekòmanse avèk ampil chalè. Prezidan Michel Martelly mennen demach pèsònèl bò kote prezidan nan Chili, Ekwatè ak Jamayik pou li jwenn antant ak yo sou fason y'ap mete tèt yo ansanm pou yo eksplwate min peyi d'Ayiti. Yon lòt bò, gouvènman Mateli a kòmanse refòm lwa sou min nan avèk asistans Bank mondial e li delivre premye pèmi pou eksplwate min nan peyi a bay de sosyete peyi Kanada ak Etazini.

Depi yo te fin adopte lwa sou min nan lane 1976, se jis an 2012 Biwo min ak enèji delivre premye pèmi pou eksplwate min peyi a. Gen 2 pèmi pou eksplwate lò ak kwiv nan depatman Nòdès yo bay yon sosyete ki tabli nan Monreyal ki rele « Ressources Majescor Inc. » a travè yon branch li ki nan peyi d'Ayiti ki gen non « Société Minière du Nord-Est » (Sosyete Min Nòdès). Nan menm dat sa a, gen yon twazyèm pèmi yo bay sosyete nan Etazini ki rele VCS

Mining Inc., pou eksplwate lò nan depatman Nò. Sosyete Newmont Mining Inc. ki se dezyèm sosyete k'ap pwodwi lò sou la tè a gen nan men l 27 pèmi pou l fè eksplorasyon ak 19 lòt pèmi pou l fè pwospeksyon.

Seri pèmi sa yo mennen gwo deba sitou nan mitan manm Sena peyi a ki te menm rive convoke nan mwa janvyè 2013 direktè jeneral biwo min ak enèji a pou yo raple l' ke tout akò pou ekplwate min nan peyi a dwe jwenn konsantman palman an. Nan mwa fevriye 2013, Sena peyi d'Ayiti adopte yon rezolisyon ki mande Pouvwa egzekitif la pou l' sispann tout aktivite sous eksplorasyon ak eksplwatasyon min nan peyi a. Se sa ki ralanti aktivite konpayi min etranje yo k'ap opere nan peyi d'Ayiti.

### **Yon nouvo lwa sou eksplwatasyon min nan peyi d'Ayiti**

Depi mwa mas 2013, Sant konsèy teknik Bank mondyal nan zafè endistri k'ap eksplwate richès anba tè ap asiste gouvènman ayisyen an nan remete sou pye sektè k'ap okipe zafè min nan. Pwojè asistans teknik nan kad dyalòg sou zafè min nan peyi d'Ayiti ke Sant konsèy la finanse ak yon valè 650 000 dola ameriken gen pou objektif aktyalize kad legal sektè min nan an Ayiti, mete sou pye yon kadas ki konsène tit min yo , òganize yon premye foròm sou devlopman min ak bay enstitisyon Leta yo plis fòs nan travay sou politik ak mennen negosiyasyon nan akò sou zafè min. Yon gwoup travay ki gen reprezantan divès enstans nan gouvènman an ak yon konsiltan entènasyonal ke Bank mondyal angage prepare yon avan-pwojè lwa sou zafè min. Premye vèsyon dokiman sa a prezante bay konpayi sa yo k'ap travay sou min nan peyi d'Ayiti. Depi mwa dawou 2014 yon dezièm vèsyon sou avan- pwojè lwa sa a ap sikile, men li poko ofisyèl. Limyè ki pa fèt ase, jwen avèk konsiltasyon ki pa fèt bò kote popilasyon ak kominote ke pwojè sou min yo kapab gen konsekans sou yo fè òganizasyon k'ap defann dwa moun yo ak anviwònman an reaji avèk fòs.

Avan-pwojè lwa a enskri nan yon kad global kote yap revize kòd lwa sou min nan divès peyi kote yo mete devan dereglemantasyon ak distans pou yo ta bay enstitisyon leta yo. Lè Leta pa enplike tèt li, sa vle di li remèt kèk reskonsablite bay konpayi prive miltinasyonal yo, sitou nan sa ki gen pou wè ak devlopman kominote k'ap viv nan vwazinay min yo.

Avan-pwojè lwa ke gouvènman ayisyen an pwopoze a se yon dokiman ki prepare pou satisfè an premye envestisè ki dèyè aktivite eksplwatasyon min yo. Se yon dokiman ki pa vize lòt bagay ke biznis, menm lè otorite yo ap fè kwè ke nan tèks la gen posiblite pou yo itilize resous natirèl ki anba tè yo pou devlopman sosyal ak ekonomik peyi a.

Youn nan gwo chanjman nan eliminasyon sistèm konvansyon yo sè ke palman ayisyen an pa gen pou l' bay dizon li ankò sou pwojè min yo. Nouvo pwojè lwa a prevwa ke tout akò ki gen pou wè avèk min dwe jwenn otorizasyon premye minis lan a pati de pwopozisyon Ministè ekonomi ak Finans ak Otorite Min Nasyonal, apre yo fin konsilte komisyon ki chaje pou okipe zafè min yo nan 2 branch palman an.

Alòske konsekans pwojè sou min yo sou anviwònman an se youn nan pi gwo pwoblèm ki entereze kominote ak aktè sosyal yo sou la tè, eleman sou pwoteksyon anviwònman ki gen nan avan-pwojè lwa a sou zafè min nan peyi d'Ayiti a pa satisfè prensip entènasyonal yo ; konsa, eleman sa a yo dwe devlope ak ranfòse nan lwa a limenm.

Fas a risk reyèl katastwòf ekolojik yo nan peyi d'Ayiti, devlopman sektè min nan dwe akonpaye de yon kad legal sere, ak ranfòsman kapasite Ministè Anviwònman ak otorite Min Nasyonal pou yo ka fè yon sipèvizyon sere sou travay pou diminye move konsekans sou anviwònman ak popilasyon yo.

### **Mobilizasyon kont endistri k'ap travay nan min nan peyi d'Ayiti**

Kèk òganizasyon k'ap defann dwa moun ak peyizan ap mobilize depi plizyè lane kont devlopman ekplwatasyon min nan peyi d'Ayiti. Opozisyon sa a jwenn ankourajman a pati de refleksyon k'ap fèt sou divès dimansyon endistri min nan tankou : sektè min nan kòm motè yon devlopman k'ap dire, distribisyon benefis richès natirèl nasyon an bay, transparans ki egzije tout aktè nan sektè min nan, pami yo gouvènman, an rann kont bay popilasyon an, san nou pa bliye move konsekans sou anviwònman an ak popilasyon an.

Kolektif Jistis min an Ayiti (KJM) ap travay nan òganize kominote yo pou pwoteje dwa yo ak anviwònman an fas aktivite ekplwatasyon min yo. An plis, manm Kolektif jistis Min an Ayiti yo ap mobilize pou asire patisipasyon tout sosyete a nan devlopman nouvo kòd lwa sou min nan.

Youn nan pi gwo aksyon kolektif la se enfòmasyon kominote yo sou move konsekans ekplwatasyon min yo. Piske se pa sèten ke enfòmasyon sa a rive jwenn kominote yo oubyen li pa egziste nan lang kreyòl, Kolektif la chwazi pote l' dirèkteman bay popilasyon an nan òganize reyinyon kominotè nan zòn ke aktivite min yo afekte. Diskisyon, atelye ak pase fim te òganize pou sansibilize popilasyon an sou dwa li ak konsekans aktivite min yo.

An plis, Kolektif la soumèt Bank mondyal yon demann pou enspekte pwojè asistans teknik dyalòg sou min an Ayiti a an janvye 2015. Demann enspeksyon sa a te jwenn ankourajman nan sipò Bank mondyal bay Gwoup Travay Gouvènman d'Ayiti ki responsab ekri avan-pwojè lwa sou ekplwatasyon min an Ayiti a. Demann enspeksyon kolektif la chita sou plizyè rezon, pami yo : yo pa konsilte òganizasyon sosyete sivil ki nan peyi a ak kominote ke aktivite min yo touche dirèkteman ; pwoteksyon anviwònman an nan kad ekplwatasyon min k'ap fèt san kouvri ; depasman fòse popilasyon an ak jwenn tè pou moun travay...

Bank mondyal refize anrejistre plent Kolektif la ak kominote yo, paske ekip ki chaje pou travay sou plent lan fè konprann ke politik ak aktivite operasyon bank lan pa gen anyen pou

wè ak asistans teknik dyalòg sou min an Ayiti a ; se sèlman egzekite bank lan egzekite fon ki finansè aktivite a.

Lan mwa mas 2015, Kolektif Jistis Min an ayiti a jwenn yon odyans bò kote Komisyon Entèamerikèn Dwa moun nan. Odyans sa a chita sou enfòmasyon ke Leta ayisyen dwe popilasyon an. Kolektif la di enkyetid li sou atik avan-pwojè lwa sou min nan ki garanti konfidansyalite dokiman ak enfòmasyon enterè piblik yo pou 10 an, ak paske Ayiti pa gen lwa sou zafè jwenn enfòmasyon. Alòske, nan fason endistri min yo ap devlope an Ayiti, jwenn enfòmasyon sou konsekans ekplwatasyon min yo sou anviwònman an ak popilasyon an, sous fason konpayi min yo ap itilize tè yo, sou etandi travay yo anvizaje yo nan tout fasèt yo ( eksplorasyon, ekplwatasyon ak reyabilitasyon) gen yon gwo enpòtans pou kominote ke aktivite sa yo kapab afekte ak pou òganizasyon sosyete sivil yo ki vle patisipe nan zafè piblik Leta a.

## ENDISTRI MIN KANADA NAN PEYI ETRANJE : KISA KI PREVWA POU AYITI ?

Kanada premye pami tout peyi k'ap envesti lajan nan endistri min sou la tè a. Nan mwa oktòb 2015, te gen 1472 sosyete min ki te anrejistre nan bous Toronto . Sosyete sa yo te gen enterè nan plis pase 5700 pwopriete min, pami yo gen 200 ki an aktivite nan Kanada. Dapre Resous Kanada, nan lane 2014, kantite lajan k'ap brase nan sosyete min peyi Kanada gen nan lòt peyi te estime a 169,7 milya dola. Anplis, envestisman dirèk Kanada nan lòt peyi nan ekplwate min te monte jiska 69,03 milya dola pou ane 2014 la. Sektè sa a se twazièm nan sa ki pi enpòtan yo e li reprezante 18% nan tout envestisman dirèk peyi Kanada nan lòt peyi.

Kèk nan sosyete min peyi Kanada yo an aktivite nan 104 peyi sou la tè. Kote peyi Kanada envesti plis lajan nan aktivite min se nan peyi Amerik latin ak Karayib yo. Peyi Kanada envesti dirèkteman 45,8 milya dola nan ekplwatasyon min nan lane 2014 la, yon valè lajan ki reprezante plis pase 67% nan tout envestisman dirèk peyi Kanada nan sektè sa a.

Plizyè sosyete min peyi Kanada ki an Ayiti depi nan lane 1950 kontinye jis Jodi a ap fè rechèch. Kompayi « Eurasian Minerals », ki chita nan Vankouvè, jwenn pèmi nan mwa desanm 2012 pou l ekplwate sit Gran Bwa (depatman Nò). Sosyete « Ressources Majescor » ki gen baz li nan Monreyal genyen 15% nan sosyete ayisyèn SOMINE ki gen nan men l yon pèmi pou li ekplwate lò nan depatman Nòdès, menm si Sena peyi d' Ayiti fè pwojè ekplwatasyon yo fè yon ti kampe pou yon ti tan.

Gouvènman peyi Kanada ap apiye endistri min Peyi Kanada nan lòt peyi ak yon estrateji ki gen 4 fasèt ki se : sipò politik, bourad lajan, negosyasyon akò bilateral oubyen rejonan sou echanj lib ak sou envestisman prive, ak patenarya avèk endistri min pou aktivite devlopman ak responsablite sosyal antrepriz yo, sitou nan espas kote min yo ap ekplwate.

Nan lane 2012, ACDI bay 10 milyon dola pou l sipòte Sant konsèy teknik endistri min Bank mondyal la, e se a travè Sant sa a ke Bank mondyal ap sipòte refòm sou lwa sektè min nan an Ayiti. Soti nan lane 2009 rive nan lane 2014, ACDI bay plis pase 67 milyon dola pou l finanse pwojè ki nan sektè devlopman prive a, tankou : eksplorasyon min yo, sousektè metal ak minrè ki gen anpil valè ak minrè pou endistri.

Ayiti rete yon peyi ki gen priyorite pou Kanada. E lè nou konsidere enpòtans endistri min peyi Kanada genyen nan lòt peyi, ak lè nou konsidere kòmman li toujou prezan an Ayiti, nou ka prevwa fasilman ke gouvènman Kanada gen pou l jwe yon gran wòl avan lontan nan domèn sa a, menm jan l ap fè sa kounye a nan peyi kote sosyete min Kanada yo ye. Nan nouvo plan pou angajman Kanada an Ayiti soti 2015 rive 2020, yo idantifye sektè min nan kòm youn nan motè devlopman ekonomik peyi sa a. Anbasadè peyi Kanada a an Ayiti te konfime apwòch sa a nan yon ti diskou pa twò lontan, lè li t'ap pale de sipò gouvènman Kanada a a devlopman sektè ekplwatasyon min nan an Ayiti.

Lè nou konsidere enpòtans endistri min peyi Kanada genyen nan lòt peyi, Enterè yo montre pou mete an valè ak eksplwate resous natirèl yo an Ayiti ak kantite sipò sosyete min sa yo jwenn bò kote gouvènman Kanada a, peyi Kanada dwe pran yon seri de mezi pou garanti respè nòm entènasyonal ak dwa moun yo. Anplis feblès sistèm kontwòl fiskal ak anviwònman an Ayiti pa garanti yon ekplwatasyon ki fèt ak sans responsablite ak lajistis ki kapab kontribiye a devlopman peyi a ak diminye distans ki separe moun rich ak moun pòv.

Frajilite anviwònman peyi d'Ayiti, feblès li nan zafè pwoteksyon dwa moun ak kapasite ki pa gen ase nan mitan aparèy Leta a yo pou ankadre kòm sa dwa de si gwo pwojè jistifye enkyetid nou sot site yo nan ka Ayiti a. Ankadreman pwojè sa yo depase lontan aspè teknik ki gen pou wè avèk mete an valè resous natirèl yo. É se sou aspè sa yo menm gouvènman ayisyen an sanble konsantre efò li jis kounye a.

Fas a konsta sa a, Konsètasyon pou Ayiti ki rete fidèl a misyon li bay tèt li pou l' sansibilize piblik la, pou li solidarize avèk pèp ayisyen an ak pou fè pwomosyon dwa moun ak devlopman solidè, pral mobilize pou ke pèp ayisyen an ak kominote ki afekte pa ekplwatasyon min yo an patikilye kapab jwenn enfòmasyon nesèsè pou yo ka pran desizyon lib ak eklere sou avni pwojè min yon an peyi yo.

Se pou tèt sa, Konsètasyon pou Ayiti ap fè rekòmandasyon sa yo bay gouvènman peyi Kanada :

1<sup>o</sup>) Sispann oryante èd n'ap bay pou devlopman entènasyonal ak sèvis diplomatik yo nan sans pou nou fè pwomosyon pou endistri min nan peyi etranje, sitou nan peyi d'Ayiti.

2°) Soutni enstitisyon peyi d'Ayiti k'ap travay nan kad evalyasyon ak bay swit a konsekans aktivite min yo, sitou konsekans sou anviwònman ak sou popilasyon yo.

3°) Ankouraje ak soutni gouvènman ayisyen an nan prepare yon lwa ki pèmèt moun jwenn enfòmasyon, an akò avèk obligasyon li yo nan kad lwa entènasyonal ki gen rapò ak dwa moun.

4°) Ankouraje ak defann dwa moun ak dwa popilasyon yo ke endistri min an Ayiti a ka afekte, pou yo kapab viv na yon anviwònman ki sen, sitou nan asistans ak koperasyon entènasyonal, pou yo ka asire ke pèp ayisyen kapab egzèsè dwa ekonomik ak sosyal li kòm sa dwa.

5°) Ankouraje ak soutni gouvènman peyi d'Ayiti nan mete sou pye yon sistèm konsiltasyon ki gen rapò ak endistri min ki adapte ak sitiyasyon peyi a.

6°) Soutni, nan asistans ak koperasyon bilateral, devlopman ak mete an aksyon yon plan efikas nan kad pwoteksyon ak restorasyon anviwònman an an Ayiti.

7°) Ankouraje gouvènman peyi d'Ayiti pou l' adopte prensip sou pwoteksyon anviwònmantal ak sosyal ki an akò ak prensip entènasyonal ki pi wo yo, ak entegre prensip sa yo nan nan kòd min k'ap devlope a.

8°) Pwopoze gouvènman peyi d'Ayiti mezi pou li rantre taks ak redevans k'ap soti nan aktivite min yo e ki ap soutni tout bon devlopman peyi a ak kominote local yo.

9°) Asire ke antrepriz peyi Kanada k'ap travay nan lòt peyi rann kont ak retire antrav jiridik ki egziste yo pou pèmèt popilasyon ke aksyon sosyete min peyi Kanada yo afekte nan peyi ki akeyi yo angage pouswit lajistis nan Kanada.

10°) Soutni Konsèy dwa moun nan Nasyonzini nan prepare yon zouti entènasyonal ki gen fòs la lwa pou kontwòle, nan kad dwa entènasyonal dwa moun, aktivite sosyete ki prezan nan plizyè peyi ak lòt antrepriz (Rezolisyon A/HRC/26/L.22/Rev.1 25 jen 2014).